



Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo : A-750

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 jen 2026

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) A-750 ki gen dat 28 septembre 2017.

Chanjman:

- Chanje "rapòtè ki gen manda" an "rapòtè nan tout regleman an pou l vin gen gid pou ankouraje estaf ki pa gen manda legal pou fè rapò fè rapò lè yo gen bon rezon valab pou sispèk abi oswa move tretman sou timoun.
- Chanje Field Support Center Director an Student Services Manager nan biwo sipèentandan an nan tout regleman an.
- Depase rapò ki gen rapò ak rapò SCR ak repons ACS nan OORS apati ILOG.
- Reòganize ak renimewote seksyon yo pou amelyore klarifikasyon ak ezans

Seksyon I. Definisyon

- defini tèm "moun ki responsab legalman" ak "koz rerzonab"
 - Klarifye pou di anplwaye sant NYCPS LYFE ak New York City Early Education Centers ka gen ladan moun ki responsab pou fè rapò legalman.
- Revize definisyon tèm "abi sou timoun" ak " move tretman timoun" pou yo adapte ak lwa etea a ak gid reglemantè a.

Seksyon II. Pwosedi pou rapòte abi ak move tretman sou timoun ba new york state central register

- Ajoute souseksyon ki klarifye kiyès ki oblije fè yon rapò pou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun epi ankouraje estaf ki pa gen manda legalman pou fè rapò lè yo gen bon rezon valab pou sispèk abi oswa move tretman sou timoun.
- Ajoute souseksyon pou detèmine rezon valab ki jistifye rapò ba SCR la, ki konsantre sou konfyans sou done objektif, jijman pwofesyonèl ak trening.
- Pèmèt fanmi ki pa satisfè kondisyon legal pou yon rapò ba SCR, yo ta dwe konekte yo avèk sèvis ki disponib san yo pa egzije yon rapò.
- Revize souseksyon sou rapò move tretman ki sispèk dapre neglijan nan edikasyon pou klarifye:

- Prezans lekòl ki fèb, pa sifi poukont li, kòm yon koz rezonab pou sispèk move tretman.
- Rapò dapre neglijan nan edikasyon dwe satisfè kritè ki presi ki demontre twoub oswa ris twoub ki imedya ak efò pou angajman ki pa reyisi.
- Di rapòtè dwe bay SCR la pwòp fason pou kontakte yo.
- Di si rapòtè a ta vle resevwa yon lèt sou rezime rezilta (Summary of Findings) yo depi yo disponib, yo dwe bay SCR la yon adrès imel.
- Klarifye tèm "direktè" a jan yo itilize l nan regleman an vle di tou direktè yon pwogram sant edikasyon pou debitan NYCPS ap dirije.
- Klarifye pwoesdi pou rapò lè rapòtè a kwè yo te fè yon lòt rapò dapre menm done yo. tankou:
 - Rapòtè a dwe kontakte direktè/reprezantan l.
 - Rapòtè a dwe fè rapò a si direktè/reprezantan l pa konfime gen yon lòt rapò ki te fèt epi yo te aksepte oswa si direktè/reprezantan l pa bay yon nimewo "idantite apèl" ("Call I.D.")
- Pèmèt pou rapòtè ak /oswa direktè/reprezantan l prepare rapò ekri (LDSS221-A) dapre enfòmasyon rapòtè a bay.
- Mizajou pwosedi pou egzije transmisyon imel rapò ekri yo ba biwo ACS borough a epi bay enfòmasyon ki ajou pou kontak.
- Ajoute gid pou estaf NYCPS ki sispèk yon elèv viktim oswa riske viktim trafik imen dwe suiv pwosedi ki fikse nan pwotokòl sekirite lekòl kont trafik imen (Human Trafficking School Safety Protocol).
- Mizajou pwosedi pou ka ki reprezante danje imedya pou yon timoun, tankou kondisyon pou kowòdone avèk SSA/NYPD epi kenbe sipèvizyon yon timoun si ACS poko rive.
- Mizajou regleman pou fè foto blesi lè yo sispèk abi oswa move tretman sou timoun.
 - Di ke estaf lekòl la dwe fè tout efò pou rapòtè abi oswa move tretman sou timoun avan yo fè foto.
- Di si SCR la fè yon rekòmandasyon ba lapolis, lekòl la pa bezwen fè yon lòt rapò ba lapolis.

Seksyon III. Pwosedi pou kowopere avèk repons ACS pou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun.

- Klarifye travayè CPS ka mande yon timoun pou retire rad (chemis/pantalon) sou li.
- Mete ajou non fòm (DCP-048) ACS itilize pou di gen sikonstans ijans ki egziste ki poze yon menas imedya pou fè timoun lan mal.
- Di direktè/reprezantan l ta dwe kontakte konsèy avoka anchèf sou teren (Senior Field Counsel) pou konnen pwosesis sipò lè travayè CPS ap chèche mete yon elèv sou responsablite pou pwoteksyon oswa lè yonn oswa plizyè manm yon MDT ap chèche mete yon elèv nan yon CAC/CPC.
- Ajoute souseksyon sou ka evalyasyon kolaboratif, repons, angajman ak sipò

(Collaborative Assessment, Response, Engagement & Support, CARES), ki se yon repons altènatif pou pwoteksyon timoun pou rapò yo fè ba SCR la ki pa egzije yon envestigasyon.

- Di si yon ka se sou kontwòl CARES li ye, estaf lekòl la ka sèlman pataje dosye edikasyon avèk ACS ak/oswa bay ACS aksè pou kontakte timoun lan, avèk konsantman paran l.

Seksyon IV. Regleman ak pwosedi pou pataje enkyetid konsènan elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans

- Klarifye ke pwotokòl repons ak plizyè nivo (Tiered Response Protocol), ensiste se yon pwotokòl sekirite, se pa yon metòd pou rezoud prezans fèb.
- Di ke enfòmasyon yo resevwa sou elèv k ap rantre oswa k ap soti nan fwaye dakèy, yo dwe rantre yo nan OASIS.
- Di pataj enkyetid ak ACS obligatwa lè eksplikasyon yon paran pou yon absans sòlve enkyetid imedya sou sekirite elèv la.
- Di estaf lekòl ki la pou sa ta dwe kontakte biwo fwaye dakèy (NYCPS Foster Care Office)pou jwenn sipò.
- Ensiste pou di prezans fèb sèlman, san lòt abi oswa move tretman yo sispèk, pa sifi pou rele SCR la.

Seksyon V. Pwoblèm legal pou rapòtè

- Mete ajou gid sou konparisyon sou lòd tribinal, tankou pwen kontak pou sipò legal.
- Li klarifye elijiblite pou reprezantasyon ak peman amand dapre lwa jeneral sou minisipalite (General Municipal Law) paragaf § 50-k.

Seksyon VII. Trening estaf ak edikasyon paran ak elèv

- Di ke trening pou estaf lekòl dwe gen ladan resous disponib pou fanmi.
- Ajoute nimewo telefòn pou liy sipò ACS (ACS Support Line).
- Egzije, dapre lwa eta a, pou elèv nan klas K-8yèm ane resevwa enstriksyon dapre laj yo pou anpeche eksplwatasyon timoun ak abi seksyèl.
- Di resous edikasyon yo disponib sou Infohub ak dekri tip enfòmasyon ki disponib.

Seksyon VIII. Obligasyon pou rapòtè move konduit anplwaye NYCPS

- Di nenpò rapò y ap voye ba komisè espesyal envestigasyon (Special commissioner of Investigation) pa ta dwe gen ladan okenn enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye elèv la pèsònèlman, dapre CR A-820.

Seksyon IX. Notifikasyon

- Egziye pou chak lekòl afiche enfòmasyon pou yo ka kontakte ACS.



Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation,

CR)

Nimewo : A-750

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 jen 2026

TAB MATYÈ

INTRODUCTION	3
I. DEFINITIONS.....	3
II. PROCEDURES FOR REPORTING TO THE NEW YORK STATEWIDE CENTRAL REGISTER OF CHILD ABUSE AND MALTREATMENT	5
A. Who Is Obligated to Make a Report of Suspected Child Abuse and/or Maltreatment	5
B. Determining Reasonable Cause	5
C. Reporting Suspicions of Maltreatment Based on Educational Neglect	6
D. Making a Report.....	6
E. Procedures for Cases of Imminent Danger to a Child.....	10
F. Policy for Photographing Injuries When Child Abuse or Maltreatment Is Suspected	10
G. Procedures if SCR Declines a Report and/or Refers a Report to Police	13
III. PROCEDURES FOR COOPERATING WITH ACS RESPONSES TO REPORTS OF SUSPECTED CHILD ABUSE OR MALTREATMENT	14
A. ACS Initial Investigations	14
B. Transfer of Students to Child Advocacy Centers/Child Protective Centers for Multidisciplinary Team Investigations or other Child Protective Services Removals.....	15
C. Differential Response Cases (Collaborative Assessment, Response, Engagement and Support (CARES))	17
IV. POLICIES AND PROCEDURES FOR COMMUNICATING CONCERNS REGARDING STUDENTS WITH CHILD WELFARE INVOLVEMENT (Tiered Response Protocol)	18
A. Tiered Response Protocol	18
B. Identifying Students with Child Welfare Involvement.....	19
C. Review and Assessment.....	20
D. Mandatory Escalation of Concerns to ACS or ACS Agency Partner.	21
E. Escalation of Concerns to the SCR	21
V. LEGAL ISSUES FOR REPORTERS	22

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 2 nan 29

A. Immunity from Liability	22
B. Liability and Penalties for Failure to Report.....	22
C. Prohibition against Retaliatory Action	22
D. Service of Subpoenas upon School Staff.....	22
E. Employee's Entitlement to Request Legal Representation	23

VI. RESPONSIBILITIES OF CHILD ABUSE AND MALTREATMENT PREVENTION AND INTERVENTION TEAMS	23
A. School Child Abuse and Maltreatment Prevention and Intervention Teams	23
B. Superintendent Offices	24
VII. STAFF TRAINING AND PARENT AND STUDENT EDUCATION.....	25
A. Staff Training	25
B. Parent Participation	25
C. Student Education.....	26
VIII. OBLIGATION TO REPORT MISCONDUCT BY NYCPS EMPLOYEES	26
IX. NOTIFICATION	27
X. OORS REPORTING	27
A. Child Abuse or Maltreatment OORS Report	28
XI. TECHNICAL ASSISTANCE	28
XII. INQUIRIES	28

REZIME

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye (Chancellor's Regulation A-750 (CR A-750) ki gen dat 28 septanm 2017.

dapre lwa sou sèvis sosyal eta Nouyòk (New York State Social Services Law), responsab lekòl yo se rapòtè ki gen manda epi yo oblije rapòtè abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun lè, nan wòl pwofesyonèl yo, yo gen rezon valab ki fè yo sispèk abi oswa move tretman sou timoun. Règleman sa a presize pou di ki lè estaf New York City Public Schools (NYCPS) yo legalman oblije pou fè rapò sa yo. Li diskite tou

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 3 nan 29

kòman ak ki lè pou konekte yon fanmi avèk sipò nan kominote debaz yo. Li presize pi devan obligasyon estaf NYCPS pou kowopere avèk envestigasyon ACS ap mennen yo, ak pou siyale ka ki bay yo enkyetid konsènan elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans ak absans lekòl ki pa gen ase eksplikasyon.

Regleman sa a reponn tou ak kondisyon lwa eta a ki di lekòl leta bay enstriksyon nan prevni abi seksyèl ak eksplwatasyon seksyèl sou elèv nan kindergarten rive 8yèm ane.

ENTWODIKSYON

Yo konsidere yo abize oswa maltrete yon timoun si li gen mwens pase 18 lane epi gen yon paran, responsab, gadyen oswa moun ki abite regilyèman nnan kay la oswa nenpòt lòt moun ki responsab legalman pou swen timoun lan fè timoun lan mal, oswa si li pa bay yon minimòm degre swen pou pwoteje timoun lan. Estaf lekòl NYCPS, kòm rapòtè, oblije rapòte imedyatman ka abi ak move tretman yo sispèk ba Rejis santral abi ak move tretman sou timoun nan eta a (Statewide Central Register of Child Abuse and Maltreatment, SCR).

Si w gen enkyetid sou aktivite kriminel ki sispèk ki pa abi oswa move tretman sou timoun jan yo defini l nan regleman sa a, ansanm ak enkyetid sou move konduit yon anplwaye NYCPS oswa lòt moun ki gen rapò ak pwogram oswa sèvis NYCPS, gade [Chancellor's Regulation A-412](#).

Si nan yon moman gen yon gwo menas danje pou sekirite oswa sante yon timoun oswa yon timoun bezwen swen medikal, yo dwe kontakte 911 imedyatman. Gade [Chancellor's Regulation A-412](#).

I. DEFINISYON

Pi ba a w ap jwenn definisyon tèm yo itilize nan tout regleman sa a.

PARAN

Tèm paran an, jan yo itilize l nan regleman sa a, vle di paran, responsab yon timoun, oswa lòt moun nan nenpòt relasyon responsab legal avèk timoun lan, oswa nenpòt moun paran an chwazi pou aji nan plas paran (loco parentis), oswa yon lòt fason dapre sa ki nan [Chancellor's Regulation A-101](#).

MOUN KI RESPONSAB LEGALMAN

Yon moun ki legalman responsab (person legally responsible, PLR) se responsab, gadyen yon timoun oswa nenpòt lòt moun ki responsab legalman pou pran swen swen yon timoun nan

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 4 nan 29

moman enpòtan an. Yon gadyen ka nenpòt moun ki gen plis pase laj 18 lane oswa nan yon peryòd tan regilye ki abite nan menm kay ak timoun lan. Pou rezon regleman sa a, PLRs se anplwaye yon sant NYCPs LYFE ak anplwaye New York City Early Education Center (NYCEEC).

ABI SOU TIMOUN

Yon timoun ki gen mwens pase 18 lane ka viktim abi si paran timoun lan oswa yon lòt PLR: (i) fè oswa pèmèt yo fè gwo domaj fizik sou timoun lan nan lòt mwayen ki pa aksidan, (ii) kreye oswa pèmèt yo kreye yon ris siyifikatif pou domaj fizik grav ki pa lòt aksidan, oswa (iii) komèt oswa pèmèt yo komèt yon zak abi seksyèl sou timoun lan.

MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Move tretman sou timoun (tankou neglijan) vle di swen ki pa ase moun ki responsab pou bay yon timoun ki poko gen 18 lane. Move tretman/neglijan timoun rive lè yon paran oswa lòt PLR:

1. fè yon timoun mal oswa mete timoun lan an danje imedyà lè yo pa bay yon minimòm degre swen lè:
 - a. yo pa bay timoun lan ase manje, rad,abri, edikasyon (“educational neglect”), ak/oswa swem medikal lè yo gen mwayen finansye pou fè sa oswa apre yo fin ba yo mwayen finansye oswa lòt mwayen rezonab pou fè sa oswa nan ka akizasyon neglijan edikasyon, malgre efò distri lekòl la oswa ajans edikasyon lokal ak ajans pou pwoteksyon timoun pou amelyore echèk sa a.
 - b. yo pa bay sipèvizyon apwopriye pou timoun lan lè yo menm oswa pèmèt yon moun fè timoun lan mal oswa gwo ris, tankou lè (a) mal itilize dwòg oswa alkòl jiskaske li afekte kapasite yo pou sipèvize timoun lan, (b) bay timoun lan gwo pinisyon kòporèl oswa (c) nenpòt lòt zak ki sanble ak yo ki mande èd yon tribinal sivil; oswa
2. abandone yon timoun.

REZON VALAB

Rezon valab pou sispèk abi oswa move tretman sou timoun vle di ke, dapre sa moun obsève, trening pwofesyonèl oswa eksperyans,, rapòtè a kwè gen yon paran oswa yon lòt PLR ki responsab pou fè timoun lan mal oswa mete l timoun lan nan yon danje imedyà pou fè l mal.

SIJÈ RAPÒ A

Sijè rapò a se kont moun yo pote rapò pou yon akizasyon abi oswa move tretman sou timoun ba SCR la.

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 5 nan 29

II. PWOSEDI POU RAPÒTE ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN BA NEW YORK STATE CENTRAL REGISTER

A. Kiyès ki gen obligasyon pou fè yon rapò pou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun.

1. Dapre sikonstans kote yon timoun vin devan yo nan wòl pwofesyonèl oswa otorite yo, yo konsidere estaf sa yo kòm rapòtè ki gen manda:owing staff are considered mandated reporters: responsab lekòl NYCPS , tankou konseye pedagogik, sikològ lekòl, travayè sosyal, enfimye, administratè oswa lòt estaf oblije pou gen yon lisans oswa yon sètifika anseyman oswa administrasyon epi antrenè espò se rapòtè ki gen manda dapre lwa sou sèvis sosyal.
2. Asistan lekòl, founisè sèvis ki mache ak andikap (related services) ak estaf lekòl ki ankontak avèk paran, tankou kowòdonatè paran, ki pa nan definisyon ki pi wo a, yo se rapòtè dapre regleman NYCPS, lè y ap travay nan lekòl ak/oswa lè y ap entèaji avèk elèv nan wòl pwofesyonèl yo.
3. Anplis, lòt estaf k ap travay nan lekòl, tankou estaf k ap fè antretyen ak moun ki nan seksyon manje, se pa rapòtè ki gen manda men yo ankouraje yo pou fè rapò lè yo gen rezon rezonab ki fè yo sispèk abi oswa move tretman sou timoun. Pou rezon regleman, tout zak ak diskisyon konsènan rapòtè ki gen manda aplike tou pou rapòtè ki pa gen manda, eksepte nan limit rapò a pa obligatwa. Sepandan, si yon rapòtè ki gen manda chwazi pou fè rapò, yo dwe respekte prensip regleman sa a.

B. Detèminasyon rezon valab

1. Lè y ap detèmine si gen rezon valab pou otorize fè rapò ba SCR la, rapòtè yo ta dwe konte sou panse kritik ak enfòmasyon ki objektif. Definisyon ki nan seksyon I pi wo a la pou ede estaf NYCPS konprann kilè yo gen obligasyon legalman pou fè yon rapò. Yo pa mande rapòtè ki mandate a pou gen sètitud oswa pou fè entèvyu oswa enspekte timoun lan avan li fè yon rapò. Sepandan, yo pèmèt li poze kesyon pou klarifye enfòmasyon yo bay oswa obsève pou yo ka detèmine si gen rezon valab ki fè yo sispèk abi oswa move tretman sou timoun.
2. Eta Nouyòk ak NYCPS rekonèt desizyon rapòtè a pou konnen si gen rezon valab patipri ka enfluyansè(klè oswa kache), kwayans pèsònèl, valè ak eksperyans. Li enpòtan pou rapòtè yo konprann ke:
 - a. Pozisyon pèsònèl yo pa ta dwe afekte jijman yo;
 - b. Yo ta dwe konsidere diferans kiltirèl;
 - c. Povrete poukont li pa yon rezon pou fè yon rapò;
 - d. Prezans fèb lekòl poukont li pa yon rezon pou fè yon rapò (gade seksyon

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 6 nan 29

II.C).

3. nan wòl pwofesyonèl yon rapòtè, li posib pou yo rankontre fanmi ki bezwen èd oswa ki nan kriz ki pa satisfè kondisyon legal pou yon rapò ba SCR la, men ki ta benefisye nan sipò ak sèvis. Yo ta dwe konekte fanmi sa yo ak sèvis kominotè ki disponib ak apwopriye. Sèvis sipò fanmi pa oblije yon fanmi pou gen yon dosye pwoteksyon timoun epi yo ka kontakte l san yo pa rele SCR la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou jwenn yon seri sèvis ki disponib pou fanmi, gade [sitwèb NYCPS Reporting Child Abuse](#).

C. Rapòte move tretman yo sispèk ki baze sou neglijan nan edikasyon

1. Prezans ki fèb lekòl pa sifi poukont li, kòm yon koz rezonab pou sispèk move tretman. maltreatment. Yo ta dwe pote devan SCR la yon rapò sou neglijan edikasyon sèlman si timoun lan sibi prejidis oswa si li gen ris imedyà akòz absans kwonik.. estaf lekòl la ta dwe dabò eseye travay avèk elèv la, fanmi l ak ajans kominotè yo pou idantifye bezwen ak resous ki disponib pou satisfè sa yo.
2. Tout eleman sa yo dwe prezan pou otorize yo rele SCR la pou neglijan nan edikasyon :
 - a. Timoun lan dwe gen laj oblitwa pou ale lekòl epi li dwe abite nan Vil Nouyòk;
 - b. Timoun lan dwe gen absans egzajere san pa gen rezon ni motif valab;
 - c. Edikasyon timoun dwe afekte akòz absans egzajere (oswa timoun lan gen yon plan edikasyon ndividyèl (individualized education plan, IEP) epi li rate sèvis ki nesèsè akòz absans egzajere);
 - d. Yo te mete paran an oswa lòt PLR okouran absans egzajere a ak difikilte yo pamwayen ki pa sèlman voye yon mesaj lakay oswa kite yon mesaj vokal;
 - e. Responsab lekòl yo te fè tout efò pou angaje timoun lan ak paran an oswa lòt PLR pou rezoud pwoblèm prezans lan (gade [Chancellor's Regulation A-210](#) paegzanp); ak
 - f. Paran an oswa lòt PLR pa t pran okenn mezi pou korije sitiasyon an.
3. [Chancellor's Regulation A-210](#)(Nòm pou pwogram prezans) tabli kondisyon pou moman yo dwe fè envestigasyon pou elèv ki kontinye absan yo. Yo dwe fè yon rapò pou neglijan nan edikasyon lè yo satisfè tout kondisyon pou rapòte neglijan nan edikasyon yo, jan sa tabli nan Seksyon I.D, kit yo te ranpli fòm envestigasyon 407, kit yo p at ranpli l.

D. Fè yon rapò

1. Lè yon timoun ki gen mwens pase 18 lane vin devan yon rapòtè ki mandate nan

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 7 nan 29

kapasite ofisyèl oswa pwofesyonèl li nan lekòl la epi rapòtè ki mandate a gen yon rezon valab pou l sispèk paran, nenpòt moun yo jwenn ki toujou nan menm kay avèk timoun lan oswa nan moyn yo jwenn regilyèman nan menm kay la, oswa yon anplwaye nan yon DOE LYFE Center oswa nan NYCEEC, rapòtè ki mandate a gen obligasyon pou rapòtè imedyatman sa li sispèk la bay SCR nan telefòn 1-800-635-1522.

2. Lè paran an, oswa lòt PLR la rive avan yon rapòtè nan wòl pwofesyonèl yo epi deklare apati enfòmasyon pèsonèl li konnen, kondisyon oswa sikonstans ki, si yo kòrèk, ta fè yon timoun ki gen mwens pase laj 18 lane yon timoun ki viktim abi oswa move tretman, yo egzije rapòtè ki mandate a pou rapòtè imedyatman sa li sispèk la bay SCR, jan yo di sa nan Seksyon II.D.1.
3. Rapòtè ki gen manda a dwe bay SCR pwòp jan pou yo kontakte l, non, tit ak moun pou yo kontakte pou chak manm estaf ke li kwè ki gen enfòmasyon dirèk sou akizasyon yo nan rapò a, depi rapòtè a gen enfòmasyon yo. Rapòtè ki mandate a dwe bay enfòmasyon sou abi oswa move tretman timoun yo sispèk la sou timoun lan, epi li dwe konseye si pou timoun lan resevwa sèvis edikasyon espesyal ak tip andikap la, depi rapòtè a gen enfòmasyon sa yo.
4. Kondisyon pou fè rapò sou move tretman yo sispèk dapre neglijan nan edikasyon jan sa tabli nan seksyon II.C. Pwosedi ki gen rapò avèk envestigasyon sikonstans ki antoure absans yon elèv pou detèmine si rezon ki nan [Chancellor's Regulation A-210](#) (Nòm pou pwogram prezans).
5. Rapòtè a de mande SCR la nimewo "Call I.D." Rapòtè ki mandate a ak responsab lekòl yo dwe kenbe ak itilize nimewo "Call I.D." a pou ranpli fòm rapò alekri OCFS LDSS-2221A ak Rapò sou ensidan ki rive a sou entènèt (Online Occurrence, OORS) NYCPS a. (Gade Seksyon II.D.8 ak X). Si rapòtè a ta renmen resevwa yon lèt sou rezime rezilta (Summary of Findings) li dwe bay SCR la yon adrès imel.
6. Apre rapòtè ki gen manda a fin fè rapò a ba SCR, li dwe avèti dirèktè a/reprezantan l imedyatman (pa pi ta pase fen jounen lekòl la), avèti dirèktè/reprezantan l epi ba yo nimewo "Call I.D." a. Jan yo itilize l nan trgleman sa a, tèm " dirèktè" a vle di dirèktè yon pwogram sant edikasyon pou debitan ke NYCPS ap dirije. Pou lekòl ak pwogram debitan yo ki nan bilding NYCPS, Reprezantan dirèktè a dwe se yon manm Ekip entèvansyon ak prevansyon abi ak move tretman sou timoun (Child Abuse and Maltreatment Prevention and Intervention Team) (Gade Seksyon VI). Yo fikse pi ba a responsablite dirèktè a an koneksyon avèk regleman sa a. Si dirèktè a chwazi pou ba yon lòt moun responsablite sa yo, dirèktè a dwe nonme yon reprezantan chak ane.
7. Si rapòtè ki mandate a gen yon rezon valab pou l sispèk abi oswa move tretman

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 8 nan 29

sou timoun epi li gen konesans dirèk yon lòt rapòtè ki mandate nan lekòl la te deja fè yon rapò ba SCR sou menm fè,, kondisyon oswa sikonstans yo, li ap imedyatman kontakte direktè/reprezantan l. Si direktè a/reprezantan l konfime yo te fè yon lòt rapò yo te aksepte,, li dwe imedyatman ba rapòtè ki gen manda a nimewo "Call I.D." a. Si direktè/reprezantan l pa konfime ke yo te fè yon lòt rapò epi yo te aksepte l, oswa si direktè/reprezantan l pa bay rapòtè a nimewo "Call I.D." a, rapòtè a dwe imedyatman voye rapò a ba SCR la epi suiv pwosedi ki pi wo a.

8. Rapòtè ki mandate a ak/oswa direktè/reprezantan l dwe prepare yon rapò alekri tou lè l sèvi avèk fòm LDSS-2221A nan lesplas 48 èdtan apre yo fin fè rapò oral la bay SCR. Rapò ekri a dwe gen ladan: (a) non, tit ak enfòmasyon kontak pou chak anplwaye ki kwè gen konesans dirèk sou akizasyon an (yo) nan rapò a; b) kote rapò abi oswa move tretman an konsène yon timoun ki gen yon andikap, yon deskripsyon andikap timoun nan ak sèvis medikal oswa sèvis ki gen rapò avèk lekòl la ap ofri; epi c) nimewo "Call I.D." SCR bay. Rapòtè a dwe bay enfòmasyon ki fikse baz ki fè li siyale SCR la pou di l ki akizasyon yo fè kont paran an oswa lòt PLR. Rapòtè ki mandate a dwe mande tou yon kopi rezilta a apre investigasyon an lè l tcheke kazye "Wi" ki sou fòm nan kote li di "Rapòtè ki mandate a mande pou jwenn rezilta investigasyon an." al Ou ka jwenn kopi fòm lan sou [sitwèb NYCPS Reporting Child Abuse](#).

Yo dwe voye rapò alekri LDSS-2221A a oswa voye l pa imel nan biwo lokal ACS la nan borough a kote sispèk yo akize a abite, direktè a ak reprezantan sipèentandan an . Ou ka jwenn jan pou kontakte biwo ACS Borough yo ak reprezantan sipèentandan an sou InfoHub.

9. Lekòl la dwe kenbe yon kopi tout rapò alekri LDSS-2221A nan yon dosye ki gen etikèt sou Rapò Abi yo sispèk sou Timoun", epi mete dosye a nan yon kote ki ansekirite aksesib sèlman pou direktè/reprezantan an. Yo dwe voye tou yon kopi rapò a bay Student Services Manager nan biwo sipèentandan an,, ki dwe menm jan an konsève rapò sa yo (responsablite Student Services Manager yo konsènan prevansyon ak entèvansyon abi sou timoun jan sa tabli nan Seksyon VI.B.). .
10. Si rapòtè ki mandate a resevwa lòt enfòmasyon konsènan yon akizasyon sou abi oswa move tretman sou timoun ki te rapòte anvan, rapòtè ki mandate a dwe rele SCR nan 24 èdtan apre li fin resevwa enfòmasyon adisyonèl la, di ke li gen lòt enfòmasyon sou yon rapò ki te fèt deja epi bay tout nouvo enfòmasyon konsènan non, tit ak enfòmasyon kontak pou nenpòt lòt manm estaf ki gen konesans dirèk sou akizasyon an. Si lòt enfòmasyon an pa gen nouvo akizasyon yo, yon nouvo rapò ekri LDSS-2221A pa obligatwa. Lè yo fini rele SCR pou rapòte

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 9 nan 29

lòt enfòmasyon, rapòtè ki mandate a dwe rapòte fè a ke lòt apèl nou te fè ba direktè a/reprezantan l epi mete ajou rapò alekri LDSS-2221A ki te deja soumèt pou mete ladan lòt enfòmasyon ak voye rapò ajou a jan sa endike nan Seksyon II.D.8.

11. Si rapòtè a gen rezon valab pou sispèk abi oswa move tretman sou timoun konsènan menm timoun lan pou diferan fè, kondisyon oswa sikonstans pase sa yo ki te lakoz rapò a avan konsènan timoun sa a, yo dwe rapòte enkyetid sa yo bay SCR epi yo dwe prepare yon nouvo rapò alekri LDSS-2221A epi voye l ale dapre Seksyon II.D.8.

Enfòmasyon sou moun pou kontakte ACS

Yo ka voye rapò alekri LDSS-2221A nan adrès imèl ki pi ba a:

Bronx: dcp.bronxldss-2221a@acs.nyc.gov

Brooklyn: dcp.brooklynldss-2221a@acs.nyc.gov

Manhattan: dcp.manhattanldss-2221a@acs.nyc.gov

Queens: dcp.queensldss-2221a@acs.nyc.gov

Staten Island: dcp.statenislandldss-2221a@acs.nyc.gov

Biwo pou investigasyon espesyal (Office of Special Investigations, OSI) ¹ :

OSI-appl@acs.nyc.gov

12. Manm estaf NYCPS dwe fè yon rapò bay New York State Justice Center's Vulnerable Persons Central Register (VPCR) nan (855) 373-2122, olye bay SCR, chak fwa yo gen yon rezon valab pou yo sispèk yon manm estaf nan yon kote moun ap viv te komèt abi oswa move tretman sou moun nenpòt laj.
13. Rapò rapòtè ki gen manda yo fè bay SCR yo konfidansyèl, men yo pa ka fè rapò yo san mete non sou yo. Rapòtè yo dwe bay SCR la non yo ak jan pou moun kontakte yo, tankou yon metòd kote ACS ka kontakte yo andeyò lè lekòl. Yo entèdi estaf ACS yo pou divilge non rapòtè oswa divilge non lekòl rapòtè ki mandate a afilye bay paran an, kontni rapò a, oswa fanmi an pandan yon investigasyon. Anplis, yo entèdi anplwaye NYCPS divilge non rapòtè ki mandate a oswa konfime lekòl la te fè rapò a ba paran an, sijè rapò a, oswa fanmi, oswa

¹ Pou elèv ki nan fwaye dakèy

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 10 nan 29

ba nenpòt moun ki pa otorize pou resevwa enfòmasyon sa a dapre Lwa sèvis sosyal. Lwa Sèvis Sosyal la prevwa ke yo ka bay idantite moun k ap fè rapò a sèlman ba ACS, yon tribinal, yon gran jiri, yon avoka distri, lapolis oswa yon lòt ajans ki otorize espesifikman aksè sa a.²

Rapòtè yo gen obliigasyon pou pa diskite pami estaf lekòl ke yo te fè yon rapò, si se pa ankonfòmite avèk sa ki nan regleman sa a oswa avèk lwa ki ka aplike.

Si yon rapòtè gen rezon pou l sispèk ke yon manm estaf NYCPS te divilge enfòmasyon li bay nenpòt pati ki pa gen otorizasyon legal pou resevwa enfòmasyon sa yo, yo dwe fè yon rapò imedyatman nan Biwo Sèvis Legal Depatman an nan 2123746888. Si manm estaf lekòl kwè yon travayè ACS te divilge idantite yon rapòtè oswa lekòl la li ye ak kontni rapò a oswa yon paran oswa lòt manm fanmi, yo dwe rapòtè enkyetid sa a nan ACS Office of Safety First) nan 7185437233.

14. Manm estaf NYCPS ki sispèk yon elèv viktim oswa riske viktim trafik imen dwe suiv pwosedi ki fikse nan pwotokòl sekirite lekòl kont trafik imen (Human Trafficking School Safety Protocol).

E. Pwosedi pou ka ki reprezante gwo menas danje pou yon timoun

1. Si nenpòt ki lè gen rezon pou kwè gen gwo menas danje pou sante oswa sekirite yon timoun oswa yon timoun bezwen swen medikal imedyà, yo dwe rele 911. Gade [Chancellor's Regulation A-412](#).
2. Si nan jounen lekòl la pa gen okenn kontak avèk ACS kote yo te fè yon rapò sou abi oswa move tretman sou timoun yo sispèk bay SCR epi yo kwè ke lavi, sante oswa sekirite timoun lan gen gwo menas danje si timoun nan retounen lakay li, direktè/reprezantan an dwe avèti Manadjè Sèvis Sosyal ki nan biwo sipèentandan an epi avèti SSA/NYPD pou mande asistans lapolis pou ijans. Si ACS nan wout pou vin lekòl la epi l ap rive apre ranvwa, direktè/reprezantan l dwe alète SSA/NYPD imedyatman epi yon manm estaf dwe rete avèk timoun lan jiskaske ACS rive.

F. Regleman pou fè foto blesi lè yo sispèk abi oswa move tretman timoun

1. Nan koneksyon avèk rapò abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun, se regleman NYCPS pou yo pran foto tout siy twomatis vizib, jan sa endike pi ba a.
 - a. Se sèlman yon moun ki te resevwa fòmasyon apwopriye nan Vil Nouyòk ki kapab pran foto yo. Nan yon minimòm, nan chak lekòl, enfimyè lekòl la ak Lyezon ki la pou sa (manm estaf lekòl la direktè a nonmen pou sèvi

² Si gen pwosedi nan tribinal, paran an ka vin konnen non rapòtè a.

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 11 nan 29

kòm lyezon sou zafè abi ak move tretman sou timoun ba manadjè pou sèvis elèv ki nan biwo sipèentandan an dapre seksyonm seksyon VI.A.2) dwe pran trening sa a. Yo dwe antrene omwen de manm estaf lekòl la pa lekòl. Si yo pa voye yon enfimyè lekòl nan bilding lan, direktè a dwe idantifye yon manm estaf ranplasan pou yo antrene, lòt manm estaf ka pran fòmasyon sa a tou.

2. Notifikasyon bay Direktè/reprezantan l ak Rapò bay SCR la
 - a. Lè yon rapòtè obsève siy twomatis vizib epi li gen rezon valab pou ki fè li sispèk abi oswa move tretman sou timoun, rapòtè a ap: (a) pou rezon pou pran foto, avèti imedyatman direktè/reprezantan l sou ka abi oswa move tretman yo sispèk ak siy twomatis vizib, ak epi b) imedyatman apre sa fè yon rapò oral bay SCR, dapre pwosedi ki nan Seksyon I.A.D epi (pa pita nan fen jounen lekòl la bay direktè a/reprezantan l, ki gen nimewo "Idantifikasyon apèl" la, dapre Seksyon II.D.6.
 - b. Lè yo avize direktè a/reprezantan sou ka abi oswa move tretman ki sispèk sou timoun ak siy vizib twoma ki vizib sou timoun, direktè a/reprezantan an ap imedyatman fè enfimyè a oswa lyezon ki la pou sa a oswa yon lòt manm estaf lekòl ki resevwa fòmasyon pou pran foto blesi vizib yo dapre pwosedi ki dekri pi ba a.
 - c. Moun ki resevwa trening k ap pran foto a dwe mande direktè/reprezantan l pou konfime yo te fè yon rapò ba SCR. Si direktè a/reprezantan l konfime yo te fè rapò a, li dwe imedyatman bay nimewo "Call I.D." a ba moun ki te pran foto a.. Si direktè/reprezantan a pa konfime yo te fè rapò a, moun ki te pran foto a dwe imedyatman fè voye rapò a bay SCR epi suiv pwosedi ki tabli nan Seksyon I.A.1-5
 - d. Direktè a/reprezantan an ap imedyatman, men pa pita pase 24 èdtan apre yo te pran foto yo, enfòm lyezon ki la pou sa a, si lyezon an pa te responsab pou pran foto, ke yo te pran foto.
 - e. Rapòtè ki mandate a dwe voye rapò alekri LDSS-2221A a nan 48 èdtan apre li fè rapò oral la bay SCR, dapre pwosedi ki tabli nan Seksyon II.D.8. Rapòtè ki mandate a dwe tcheke kazye "Foto" ki sou fòm lan kote ki di "mezi yo pran oswa yo pral pran."
3. Pran foto
 - a. Yon moun ki resevwa fòmasyon nan estaf la dwe pran foto yo nan yon anviwònman prive yon fason ki nan pi bon enterè ak lavi prive timoun lan. Lè sa posib ak apwopriye, yo ta dwe mennen elè la nan biwo enfimyè a oswa nan sal medikal lekòl la pou yo ka pran foto.

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**Pibliye: 18 jen
2026Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 12 nan 29

- b. - Yo dwe pran foto avèk yon aparèy vil la posede ke yo bay lekòl la oswa administratè a epi yo pa ka pran foto avèk yon aparèy pèsònèl yon moun..
 - c. Yo pa ka pran okenn foto epi yo pa ka fè okenn egzamen nan zòn aparèy jenital, anal oswa tete yon timoun.
4. Transmèt Foto blesi timoun lan bay ACS
- a. Apre yo fin pran foto yo, yo dwe bay imedyatman Lyezon ki la pou sa a aparèy ki gen foto a.
 - b. Lyezon ki la pou sa a dwe jwenn enfòmasyon sa yo: nimewo "Call I.D." SCR; non elèv la; nimewo OSIS elèv la; ak dat yo te voye rapò alekri LDSS-2221A a.
 - c. Nan moman yo voye rapò ekri LDSS-2221A a, oswa pi vit posib apre sa, Lyezon ki la pou sa a dwe voye yon imèl ki gen foto yo ladan kòm fichye ki gen yon kòd(encrypted) nan bwat mesaj imel ACS ki la pou borough espesifik yo endike pi ba a apati yon aparèy vil la posede dapre pwosedi NYCPS devlope yo. Imèl la dwe genyen: nimewo "Call I.D." SCR; non elèv la; nimewo OSIS elèv la; kantite foto ki atache; non moun ki voye yo; ak non lekòl la ak DBN li.

Bronx: DOEPHOTOSBronx@acs.nyc.govBrooklyn: DOEPHOTOSBrooklyn@acs.nyc.govManhattan: DOEPHOTOSManhattan@acs.nyc.govQueens: DOEPHOTOSQueens@acs.nyc.govStaten Island: DOEPHOTOSStatenIsland@acs.nyc.gov

5. Konsève ak estoke foto yo

- a. Lyezon ki la pou sa a dwe enprime yon kopi foto a. Yo dwe konsève foto a ansanm avèk rapò ekri LDSS-2221A a yon kote ki ansekirite kote se sèlman direktè/reprezantan l ki ka gen aksè ladan, jan sa endike nan Seksyon II.D.9. Rapò a ak foto a se dokiman konfidansyèl epi yo pa ka divilge yo bay konsè rapò a, paran, oswa fanmi yo epi yo ka divilge yo sèlman bay moun ki otorize pou resevwa enfòmasyon sa yo dapre Lwa Sèvis Sosyal la, jan sa endike nan Seksyon II.D.13.
- b. Apre yo fin transmèt foto a bay ACS epi yo fin fè yon kopi foto a, Lyezon KI LA POU SA A dwe konsève imèl li te resevwa konfimasyon ACS la, efase foto a nan aparèy vil la posede, epi efase imèl ki gen foto ladan yo te

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 13 nan 29

transmèt bay ACS.

6. Pwosedi pou foto si SCR refize yon rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun

- Estaf lekòl la ta dwe fè tout efò pou rapòte abi oswa move tretman sou timoun avan yo fè foto. Si yo pran foto epi SCR la rejte rapò yo sou abi oswa move tretman sou timoun lan, direktè/reprezantan l dwe avèti lyezon ki la pou sa a pou di l yo te rejte rapò a.
- Lyezon ki la pou sa a pral imedyatman efase foto yo sou aparèy vil la posede a. Yo pa p fè oswa konsève okenn kopi foto sa yo.

G. Pwosedi si SCR refize yon rapò ak/oswa fè yon rapò ba polis

- Si yon operatè SCR refize aksepte yon rapò, rapòtè a ka mande yon sipèvizè SCR pou revize rapò a. Si yo pa aksepte yon rapò, rapòtè ki mandate a dwe jwenn non operatè SCR a ak/oswa sipèvizè ki te nan telefòn lan, avèti direktè a/reprezantan ke li te fè yon rapò men yo pa aksepte l Yo ta dwwe kreye yon rapò nan OORS ki dokimante enfòmasyon sa yo.
- Nan kèk ka, SCR ap fè yon Rekòmandasyon Lapolis (Law Enforcement Referral, LER) epi voye yon rapò pou abi oswa move tretman sou timoun bay NYPD pou investigasyon. Responsab lekòl yo dwe kolabore avèk investigasyon lapolis la ak biwo avoka distri a. Di si SCR la fè yon rekòmandasyon ba lapolis (LER), yo pa bezwen fè yon lòt rapò ba lapolis.
- Lè NYPD vle kesyone yon elèv sou yon akizasyon abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun kont yon paran, direktè a dwe pèmèt entèwogasyon an fèt epi li pa dwe kontakte paran elèv la. Lè Lapolis vle kesyone yon elèv sou yon akizasyon ki gen rapò ak abi sou timoun kont yon moun ki toujou kontinye ap viv nan menm kay la, direktè a ap detèmine ansanm ak lapolis NYPD pral deside si yo ta dwe fè entèwogatwa a san kontakte paran an. Nan yonn oswa lòt ka, direktè a oswa yon moun timoun lan santi li alèz dwe prezan pandan entèvyou a, sofsi timoun lan refize sa.
- Yo ka pibliye dosye elèv yon timoun ba lapolis oswa ba pwokirè distri (district attorney, DA) dapre eksepsyon pou ijans sou sante ak sekirite ki tabli nan Lwa sou dwa ak vi prive fanmi nan edikasyon (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA). Si Lapolis oswa DA a enfòme lekòl la ke y ap envestige yon akizasyon sou abi oswa move tretman sou timoun, responsab lekòl la ka kontakte Konseye jirik anchèf (Senior Field Counsel) pa yo pou jwenn konsèy avan yo pibliye nenpòt dosye ba Lapolis oswa ba DA a, men yo pa pral retade piblikasyon dosye sa yo rezon valab.

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 14 nan 29

5. Yo dwe suiv pwosedi ki nan [Chancellor's Regulation A-412](#) (Sekitite nan lekòl). (a) Lè NYPD ta renmen entewoje yon elèv sou yon akizasyon yon krim ki pa abi oswa move tretman sou timoun, ak (b) lè NYPD ap chèche gen aksè nan dosye yon timoun nan zafè yon krim ki pa abi oswa move tretman sou timoun.

III. PWOSEDI POU KOWOPERE AVÈK REPONS ACS NAN RAPÒ POU ABI OSWA MOVE TRETMAN YO SISPÈK SOU TIMOUN.

A. Envestigasyon inisyal ACS

1. ACS fè investigasyon inisyal pou pwoteksyon timoun lè SCR la transmèt yon rapò ba yon biwo ACS lokal ki egzije yon repons apati investigasyon. Espesyalis pou pwoteksyon timoun ACS la (travayè CPS) yo mete sou ka a pral fè entèvyou ak rapòtè a ak nenpòt moun nan lekòl la ki konnen dirèkteman baz rapò a.
2. Tout manm estaf lekòl la gen obligasyon devan lalwa pou kowopere nan investigasyon sou ka abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun ak pou kowopere avèk travayè CPS ki la pou sa a, kit se manm estaf lekòl ki fè akizasyon yo, kit se pa yo.
3. Responsab lekòl yo dwe suiv pwosedi sa yo lè travayè CPS la swete fè yon evalyasyon sou pwoteksyon timoun sou pwopriyete lekòl la lè yo sispèk abi oswa move tretman sou timoun:
 - a. Yo dwe avize direktè/reprezantan l.
 - b. Nenpòt lè yon travayè CPS ap envestige yon rapò, yo dwe verifye lisans travayè a dabò lè yo mande l pou yo wè kadt idantite ki gen foto l. Responsab lekòl yo pa dwe fè kopi kat idantite travayè CPS la. Nenpòt lè yon travayè CPS ap kominike avèk manm estaf lekòl la nan telefòn, responsab lekòl yo dwe mande li pou l verifye kalifikasyon moun ki rele a lè yo mande moun ki rele a pou voye yon imèl apati adrès imel ACS la oswa yon faks ki gen antèt ACS.
 - c. Kou yo fin verifye kalifikasyon l, yo ka bay travayè CPS la aksè dapre eksepsyon pou ijans sante ak sekirite ki tabli nan Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA), pou tout dosye elèv ki gen rapò avèk timoun yo site nan rapò a avèk frè ak sè li si yo ale nan menm lekòl, tankou evalyasyon ak IEP, jan sa aplikab. Lekòl yo ta dwe kontakte Senior Field Counsel lan pou konsèy avan yo bay aksè nan dosye oswa fè kopi dosye sa yo, men p ap gen reta pou bay dosye sa yo san rezon valab. Lekòl la ap bay dosye travayè CPS la mande yo sou fòm elektwonik (sètadi, pa imel oswa faks) oswa lè li bay kopi enprime dosye sa yo.
 - d. Depi yon fin verifye kalifikasyon yo, yo dwe pèmèt travayè CPS la fè

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 15 nan 29

entèvyou pou kolekte enfòmasyon ki gen rapò ak investigasyon ak evalyasyon sou pwoteksyon timoun lan. Si travayè CPS la oswa timoun lan mande sa, yon manm estaf lekòl la ki konnen timoun lan byen ka prezan pou obsève nenpòt entèvyou avèk timoun lan. Manm estaf lekòl la ki prezan nan yon entèvyou konsa gen obligasyon pou kenbe konfidansyalite epi yo ka mande l pou yo temwaye nan tribinal la.

- e. Lè yon travayè CPS vle kesyone yon elèv sou yon akizasyon abi sou timoun kont yon paran pou abi oswa move tretman sou timoun, lekòl la pa dwe kontakte paran an elèv la. Lè akizasyon pou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun lan se kont yon moun ki pa paran an, direktè a, nan chita pale ak ACS, pral detèmine si pou yo kontakte paran elèv la.
- f. Nan fè investigasyon yo, travayè CPS yo ka mande yon timoun pou retire rad sou li, si dapre opinyon pwofesyonèl yo, retire rad sa a nesèse pou detèmine nati ak gravite abi oswa move tretman an. Nan okenn sikonstans, yon travayè CPS pa gen dwa retire rad sou yon timoun sof si gen yon lòt travayè CPS, yon responsab lekòl la oswa yon enfimyè ki la sou plas. Si yo bezwen retire rad yon timoun pou yo egzamine l yo dwe mennen timoun lan nan yon lopital oswa, dapre pwosedi ki tabli nan Seksyon II.B, yo dwe mennen l nan yon sant k ap defann timoun (Child Advocacy Center) pou fè egzamen sa a.
- g. Lè y ap fè investigasyon yo, yo dwe otorize travayè CPS pou fè entèvyou ak egzamine, sou pwopriyete lekòl la, timoun ki nan yon rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun ak frè ak sè yo, kit frè ak sè yo ale nan menm lekòl la, kit yo pa ladan, jan sa tabli pi ba a.

B. Transfè elèv nan *Child Advocacy Centers (CAC)*/Sant pou pwoteksyon timoun (*Child Protective Centers*) pou investigasyon ekip milti disiplinè oswa lòt depلاسman timoun sèvis pwoteksyon timoun fè

Suivan sikonstans endividyèl, repons pou yon investigasyon yon akizasyon pou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun ka lakoz yo mete yon elèv deyò nan lekòl pou yo ka pran mezi suivi ak/oswa fè lòt evalyasyon ki apwopriye. Sa ka rive swa lè: (a) ACS oswa NYPD retire yon elèv pou mete l sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun; swa (b) yo transpòte elèv la nan yon Child Advocacy Center (CAC) oswa nan Child Protective Center (CPC) pou yon investigasyon ekip miltidisiplinè (Multidisciplinary Team, MDT) nan yon anviwònman ki agreyab pou timoun. Men pwosedi lekòl la dwe suiv nan ka sa yo:

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 16 nan 29

1. Yo mete elèv yo sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun

Nan kèk ka, ACS oswa NYPD ka retire yon elèv nan lekòl la epi mete l sou kontwòl pou pwoteksyon l pou yo ka pwoteje sekirite timoun lan.

2. Transfè elèv nan CACs/CPCs

Nan ka ki enplike akizasyon pou abi fizik, abi seksyèl ak/oswa move tretman grav, yo ka mennen yon elèv nan yon CAC/CPC pou yon investigasyon MDT ke yon manm MDT fè. Se manm estaf ACS, NYPD, biwo avoka distri (District Attorneys' Offices), travayè sosyalmak pedyat pou abi sou timoun ki konpoze MDT a, ki travay ansanm pou yo ka reyalize objektif sa yo:

- asire yo reyini prèv ki efikas, atan ak yon fason kowòdone ;
- redui twomatis lakay timoun lan pandan pwosesis investigasyon an lè yo redui kantite entèvyou repete epi fè entèvyou ak timoun ki viktim yo ansanm nan anviwònman ki fanmiye ak timoun lan, lè sa posib;
- bay aksè pou egzamen medikal fèt atan ak pou se pwofesyonèl sante kalifye ki fè tretman pou viktim abi oswa move tretman sou timoun, lè li posib; epi
- bay aksè nan sèvis entèvansyon pou kriz, sèvis k ap defann viktim ak sèvis sante mantal pou timoun viktim yo ak moun k ap bay swen ki pa agresè.

3. Direktè/reprezantan yo dwe respekte pwosedi sa yo lè travayè CPS yo ap chèche pou mete yon timoun sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun oswa lè yonn oswa plizyè manm MDT ap chèche pou mennen yon timoun nan yon CAC/CPC:

- Lekòl la dwe pèmèt travayè CPS yo mete timoun yo sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun, depi yo prezante yon lòd tribinal oswa yon fòm DCP-048 (yon deklarasyon ekri ki soti nan ACS ki di gen sikonstans ijan ki prezante yon danje imedya pou timoun lan fè tèt li mal). Sipèvizè a oswa travayè sosyal la dwe siyen fòm DCP-048 a. Si travayè CPS la pa rive prezante yon lòd tribinal oswa fòm DCP-048 a, direktè a/reprezantan l dwe konfime avèk sipèvizè travayè CPS la ke ACS detèmine pou yo mete timoun lan sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun lan.

Direktè/reprezantan l ta dwe kontakte Senior Field Counsel la pou jwenn sipò nan pwosesis sa a.

- Lekòl la dwe pèmèt yon manm MDT mennen yon elèv nan yon CAC/CPC depi li prezante fòm depasman CAC/CPC MDT a. Manm MDT apwopriye a dwe siyen fòm depasman an. Fòm piblikasyon an disponib sou sitwèb [NYCPS Reporting Child Abuse](#). Lekòl la dwe verifike kalifikasyon travayè

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 17 nan 29

CPS la oswa manm MDT a lè li mande pou wè kat idantite l ki gen foto l sou li. Sepandan, yo pa otorize okenn responsab lekòl pou fè kopi kat idantite ki gen foto travayè CPS oswa manm MDT a.

- c. Lekòl la dwe avèti Manadjè sèvis elèv ki nan biwo sipèentandan an nenpòt lè yo retire yon elèv epi mete li sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun oswa lè yo mennen l nan yon CAC/CPC. Student Services Manager a dwe kenbe yon dosye pou tout elèv sa yo ke yo retire.
- d. Lekòl la dwe kenbe yon kopi lòd tribinal la, fòm DCP-048 a oswa fòm liberasyon CAC/CPC MDT nan yon lokal sekirize nan lekòl la.
- e. Lè yo mennen elèv lan nan yon CAC/CPC pou entèvyou, yon manm nan estaf lekòl la ka akonpaye timoun lan ak manm MDT an kote yo prale a si timoun lan sanble pa alèz pou deplase avèk manm MDT a oswa si timoun lan oswa manm MDT a mande sa. Sepandan, okenn otorite lekòl pa otorize pou yo prezan nan sal y ap fè vrè entèvyou a pandan investigasyon an, ni li pa gen dwa obsève entèvyou a.
- f. Nan sikonstans kote yon manm MDT mennen yon elèv nan yon CAC/CPC, manm MDT a pral avèti paran an, epi ba paran an enfòmasyon sou moun pou kontakte.
Si paran an kontakte lekòl la, lekòl la ap fè l konnen yo te mennen elèv la nan yon CAC/CPC epi l ap bay paran an enfòmasyon sou moun pou l kontakte.
- g. Manm estaf NYCPS pa responsab pou transpòte yon elèv pou plis evalyasyon. Manm MDT yo ap gen responsablite pou transpòte timoun lan nan CAC/CPC a epi pou mennen l tounen lekòl la, lakay li oswa nan lòt kote ki apwopriye.
- h. Lekòl yo dwe dokimante elèv yo retire ak mete sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun ak/oswa transpòte nan CACs/CPCs pou investigasyon MDT nan OORS .

C. Dosye repons diferansye (Evalyasyon nan kolaborasyon (Collaborative Assessment), Repons (Response), Angajman ak Sipò(Engagement and Support, CARES))

Aprè yo fin ranpli yon evalyasyon inisyal kòm repons pou yon rapò, ACS ka, avèk konsantman paran an, deplase dosye a nan yonkontwòl repons diferansye olye yon investigasyon. Collaborative Assessment, Response, Engagement & Support (CARES) se yon repons altènatif pou pwoteksyon timoun pou rapò yo fè ba SCR la, ke lalwa ete a pini ak dirije. Kòm repons pou rapò kote ki pa gen danje imedya pou timoun lan epi gen akizasyon ki grav sou abi sou timoun patnè CARES avèk fanmi pou evalye

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 18 nan 29

bezwen sekirite ak bezwen fanmi, ankouraje fanmi pou devlope pwòp solisyon pou defi yo rankontre epi idantifye resous sipò pou ede pran swen ak pwoteje pwòp pitit yo. Kontwòl CARES la pa egzije yon investigasyon oswa yon desizyon ke yon paran oswa lòt PLR ta abize oswa maltrete yon timoun.

1. Pou rapò yo remèt ba kontwòl CARES la, ACS pral evalye si timoun lan ansekirite lakay li nan espas 7 jou. Si gen yon enkyetid pou sekirite timoun lan pandan evalyasyon sa a oswa nenpòt lè pandan repons CARES la, yo ka rekonsidere ka a kòm yon investigasyon pou pwoteksyon timoun.
2. Si yon ka se sou kontwòl CARES li ye, estaf lekòl la ka sèlman pataje dosye edikasyon avèk ACS ak/oswa bay ACS aksè pou kontakte timoun lan, avèk konsantman paran l.

IV. REGLEMAN AK PWOSEDİ POU PATAJE ENKYETID KONSÈNAN ELÈV SÈVIS PWOTEKSYON TIMOUN AP SUIV POU NEGLIJANS (pwotokòl repons pwogresif (Tiered Response Protocol))

A. Tiered Response Protocol

The Tiered Response Protocol se yon efò pou suiv sekirite elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans. Se pa yon metòd pou rezoud prezans ki fèb. Pou estrateji pou angaje elèv ki toujou ap absan oswa ki riske pou vin gen absans kwon ik, gade <https://schools.nyc.gov/school-life/school-environment/attendance>.

Nan objektif regleman sa a, elèv NYCPS (i) ki nan fwaye dakèy, (ii) ki sou sipèvizyon tribinal ak (iii) ki site nan yon rapò SCR ki aktyèlman sou investigasyon ACS oswa ke ACS te konfime nan yon investigasyon oswa ke yo te konfime apre investigasyon ACS nan ane lekòl aktyèl oswa avan an, yo rele yo “elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans.” Elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans tonbe nan twa kategori, jan yo defini l nan seksyon IV.B. Absans ki pa gen eksplikasyon pou yon elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans ka vle di sekirite elèv sa a riske oswa yon fanmi bezwen sipò akòz difikilte ki fè li difisil pou mennen timoun lan lekòl.

1. Lekòl dwe kontwòl prezans elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans depre. Anplis aplike egzijans ki gen rapò avèk prezans ki tabli nan [Chancellor's Regulation A-210](#), lè lekòl ap revize prezans elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans, yo dwe pran mezi suivi konsènan kontakte paran, ogmantasyon enkyetid bay ACS, ak rapò OORS regleman sa a egzije.
2. Yon “absans ki gen ase eksplikasyon” jan yo itilize l nan regleman sa a, se yon

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 19 nan 29

eksplikasyon pou yon absans ke direktè a jije satisfè nan chita pale avèk manm estaf k ap fè kontak yo, kote li: (a) pa lakoz direktè/reprezantan lekòl la kesyon rezon yo bay pou absans lan ak (b) pa sòlve enkyetid sou sekirite elèv la. Yon absans byen eksplike ka pa nesèman yon absans ki motive dapre règleman sou prezans nan lekòl.

B. Idantifye elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans

Lekòl dwe suiv etap sa yo pou idantifye elèv ki konsène nan *Tiered Response Protocol* la.

1. Chak mwa, lè yo itilize done ki menm ant ACS ak NYCPS, NYCPS ap kreye ak estoke ansekirite yon lis elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans ki parèt nan sistèm done OASIS la. Manadjè sèvis elèv (Student Services Manager) ki nan biwo sipèntandan an responsab pou asire lekòl yo resevwa ak evalye lis elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans. Lekòl yo dwe mete ajou lis sa yo lè yo gen plis enfòmasyon.
 - a. Pandan elèv yo ap rantre oswa soti nan fwaye dakèy, ajans lan pral voye yon lèt pou enfòm lekòl la. Yo dwe imedyatman rantre enfòmasyon sa yo nan OASIS epi yo pral sèvi tou km yon lis elèv ki ajou nan fwaye dakèy la.
2. Elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans pou rezon règleman sa a tonbe nan kategori (Tier) I, II, oswa III, jan sa defini l pi ba a.
 - a. Tier I

Tier I gen ladann elèv ki genyen tout kondisyon sa yo:

- i. Timoun lan nan lekòl primè oswa lekòl presegondè (pre-kindergarten jiska 8yèm ane); epi
- ii. Yo nonmen timoun lan nan yon rapò SCR ki anba envestigasyon aktyèl ACS, oswa fanmi timoun lan sou sipèvizyon Tribinal..

b. Tier II

Tier II gen ladann elèv ki genyen tout kondisyon sa yo prezan:

- i. Timoun lan nan lekòl primè oswa lekòl presegondè (pre-kindergarten jiska 8yèm ane); epi
- ii. Yo te nonmen timoun lan nan yon rapò SCR ke yo jwenn ki fonde apre envestigasyon ACS fè nan ane lekòl aktyèl oswa avan an.

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 20 nan 29

c. Tier III

Nivo III gen ladann elèv ki genyen tout kondisyon sa yo prezan:

- i. Timoun lan nan lekòl primè oswa lekòl presegondè (pre-kindergarten jiska 8yèm ane); epi
- ii. Timoun lan nan foster care kounye a (tankou inosans nan pwosè).

C. Revizyon ak Evalyasyon

Lekòl yo dwe suiv etap sa yo pou kontwole prezans elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans pou yo ka asire yo satisfè bezwen fanmi ak elèv.

1. Direktè a/reprezantan an dwe mete chak elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans ak yon manm estaf lekòl pou tcheke prezans yo chak jou, fè apèl endividyèl pou absans chak jou epi kreye abitud nan istwa prezans ak akademik la. Moun sa a dwe fè rechèch regilye sou pwofesè salklas yo ak sou biwo sante lekòl la epi mete ajou dosye ILOG elèv sa yo yon sistèm siksesè (ansam "ILOG") elèv sa yo ki gen enfòmasyon enpòtan sou pwoblèm ki prezante.
2. Direktè a/reprezantan l dwe asire manm estaf lekòl ki responsab pou kontwole prezans elèv sa yo ak fè suivi avèk fanmi yo konsènan absans (a) gen aksè nan lis elèv lekòl Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans, (b) konnen epi sèvi avèk endikatè ki enpòtan nan Automate the Schools yo (ATS), OASIS oswa nenpòt sistèm enfòmasyon elèv ki vin apre pou idantifye elèv pre-kindergarten jiska 8yèm ane Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans epi (c) abitye ak pwosedi ki nan règleman sa a.
3. Direktè a/reprezantan an dwe asire ke reprezantan lekòl la nome, Kowòdonatè Prezans, ak/oswa manm estaf lekòl la ki responsab pou kontwole prezans elèv sa yo gen aksè nan enfòmasyon ki montre sitiyasyon prezans yo chak jou.
4. Nan chak jou absans yon elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans, manm estaf lekòl ki la pou sa a dwe fè kontak menm jou a epi fè direktè/reprezantan l konnen rezilta kontak la, tankou si paran yo pa t rive kontakte paran an. Si yo kontakte an epi li bay yon rezon, direktè/reprezantan l nan chita tande avèk manm estaf lekòl la dwe detèmine si rezon paran bay la sifi, jan yo defini l nan IV.A ki pi wo a.
5. Manm estaf lekòl la deziye a dwe dokimante bagay sa yo nan ILOG pou chak jou absans. (a) si yo te kontakte paran an, rezon paran an bay pou absans lan ak desizyon direktè a pran konsènan si eksplikasyon an sifi; oswa (b) si yo pa rive kontakte paran an, tantativ ki fèt pou kontakte l ak enposiblite pou kontakte l. Yo

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 21 nan 29

dwe rapòte absans yo devan ACS dapre sikonstans ki endike pi ba a nan Seksyon IV.D.

6. Chak semèn, direktè/repzantan an dwe suiv pousantaj prezans aktyèl jiska dat (YTD) ak total jou absans ak reta elèv Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans, swa nan reyinyon regilye ekip prezans lekòl la, nan reyinyon kabinè direktè a oswa nan lòt estrikti ki tabli nan lekòl la pou revize rapò prezans YTD chak semèn.

D. Rapò obligatwa enkyetid ba ACS oswa Patnè ajans ACS oswa

1. Nan premye jou absans elèv ki nan Tier I, si pandan y ap fè kontak la, kowòdonatè/repzantan direktè a: (a) pa kapab kontakte paran an; (b) rive jwenn paran an men paran an bay yon eksplikasyon ki sifizan pou absans lan ki soulve enkyetid imedya sou sekirite elèv la jan jan direktè a detèmine l nan chita pale avèk manm estaf la k ap fè kontak la; oswa (c) li kontakte paran an epi paran an pa bay okenn rezon pou eksplike absans lan (paegzanp, paran an rakwoche telefòn lan oswa refize reponn kesyon lekòl la) kowòdonatè prezans/repzantan direktè lekòl la dwe:
 - a. Imedyatman kontakte ekip ACS oswa ajans ACS asosye a pou rapòte absans elèv la ak rezilta kontak la; epi
 - b. Dokimante kontak lekòl la ba ACS nan ILOG.
2. Pou elèv ki nan Tier II ak Tier III, nan twazyèm jou konsekitif absans kote yo pa ka jwenn paran an ak/oswa kote yo pa bay okenn eksplikasyon ki sifi oswa yo pa bay okenn eksplikasyon pou absans lan, jan direktè a detèmine a, nan chita pale avèk manm estaf lekòl k ap fè kontak la, anplwaye lekòl la ki la pou sa a dwe:
 - a. Imedyatman kontakte ACS Education Unit nan 2124539918 oswa nan Education.unit@acs.nyc.gov oswa ajans fwaye dakèy apwopriye a, jan sa aplikab, pou rapòte absans elèv ak rezilta kontak la; ak
 - b. Dokimante kontak lekòl la fè ba Biwo asosye ACS nan ILOG.
3. Manm estaf lekòl la mete pou sa a ta dwe kontakte tou [NYCPS Foster Care Office](#) pou jwenn siò.

E. Rapò Enkyetid ba SCR la

Si nan nenpòt moman yon manm estaf gen bon rezon pou sispèk timoun Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijans te sibi abi oswa move tretman, manm estaf la dwe: (a) imedyatman rapòte sa li sispèk la ba SCR la dapre seksyon II.D; ak

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 22 nan 29

(b) asire yo kontakte biwo ACS oswa ajans founisè fwaye dakèy ki apwopriye a, selon ka a. Si nenpòt ki lè manm estaf lekòl la gen rezon valab pou kwè ke gen yon gwo menas danje pou sante oswa sekirite yon timoun, oswa yon timoun bezwen swen medikal imedyà, manm estaf lekòl la dwe rele 911.

Prezans fèb sèlman, san lòt abi oswa move tretman yo sispèk, pa sifi pou rele SCR la. Yo ta dwe rezoud pwoblèm prezans sa yo atravè sansibilizasyon bò kote ekip ACS oswa?ak founisè ajans ki konsène a.

V. PWOBLEM LEGAL POU RAPÒTÈ

A. Iminite pou Responsablite

Nenpòt anplwaye lekòl ki patisipe an tout bòn fwa nan fè yon rapò, pran foto oswa deplase oswa kenbe yon timoun oswa divilgasyon enfòmasyon sou sèvis pwoteksyon timoun dapre lòt dispozisyon Lwa sèvis sosyal pral gen pwoteksyon lalwa sou responsablite, sivil oswa kriminel, ki ta ka yon konsekans aksyon sa a. Yo sipoze rapòtè yo gen bonfwa, piske moun sa yo se responsablite yo y ap pran, nan kad travay yo, epi yo pa te angaje nan move konduit volontè oswa neglijan grav nan fè yon rapò, nan pran foto, nan deplase oswa kenbe yon timoun oswa divilgasyon enfòmasyon sèvis pwoteksyon timoun dapre dispozisyon Lwa sou Sèvis Sosyal yo. Lè w fè yon fo rapò ekspres, sa a ekspoze rapòtè a ak responsablite penal ak sivil.

B. Responsablite ak sanksyon si yo pa fè rapò

Volonte ak/oswa pa fè rapòtè ekspres pou abi oswa move tretman sou timoun ka lakoz pousuit penal oswa responsablite sivil si anplwaye a te gen bon jan rezon pou l sispèk abi oswa move tretman sou timoun. Sa ka lakoz tou NYCPS pran sanksyon pou revoke anplwaye a.

C. Entèdiksyon pou fè revanj

Lekòl la ak/oswa lòt responsab NYCPS pa gen dwa fè okenn revanj onivo estaf kont yon anplwaye anrapò ak aksyon yo pran pou respekte règleman sa a.

D. Sèvis konparisyon (subpoena) pou estaf lekòl

Estaf lekòl la dwe respekte tout lòd konparisyon (subpoena) lalwa delivre. Si yon manm estaf resevwa yon subpoena pou parèt nan tribinal oswa pou soumèt dokiman ki gen rapò ak yon ka abi oswa move tretman sou timoun, li dwe imedyatman kontakte Student Services Manager ki nan biwo sipèentandan an.

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 23 nan 29

Anplis, pou konparisyon pou subpoenas, kontakte Senior Field Counsel. Pou subpoenas pou dosye, kontakte DOESubpoenas@schools.nyc.gov.

Si subpoena a soti nan yon ajans gouvènman, manm estaf la ap kontakte avoka yo site nan subpoena epi mande pou yo mete l sou alèt telefòn pou konparisyon nan tribinal l ap tann lan. Alèt telefòn pèmèt manm estaf la rete nan lekòl la jiskaske yo egziye pou l konparèt pèsonèlman. Li rekòmande pou manm estaf la pale avèk avoka gouvènman an avan li konparèt devan tribinal konsènan sa k ap soti nan jijman an. Manm estaf la ka mande tou pou avoka a fè aranjman pou l rete tann nan yon sal prive apa nan tribinal la avan yo tande temwayaj li.

E. Dwa anplwaye pou mande reprezantasyon legal

Yon anplwaye gen dwa pou mande pou New York City Law Department defann li nan nenpòt aksyon sivil yo pran kont anplwaye a konsènan mezi li te pran pou respekte regleman sa a.

Yon anplwaye jeneralman elijib pou jwenn reprezantasyon legal ak konpansasyon, depi, nan peryòd tan ki jistifye, anplwaye a t ap aji nan kapasite travay leta epi se travay li li t ap fè, epi li p at vyole okenn prensip oswa règ NYCPS. Y ap bay rapòtè ki aji ak bon fwa avoka ki pou defann yo lè yo fè pwosè lajistis kont yo poutèt yo rapòtè ka abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun.

Sonje: Rapòtè ki mandate ki gen kesyon oswa enkyetid konsènan nenpòt rapò ka kontakte ACS Office of Safety First at 718-543-7233.

VI. RESPONSABILITE EKIP PREVANSYON AK ENTÈVANSYON POU ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

A. Ekip prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun nan lekòl yo

1. Chak direktè lekòl dwe etabli yon Ekip Prevansyon ak Entèvansyon pou Abi ak Move Tretman sou Timoun nan lekòl la. Anplis direktè a/reprezantan l, ekip lekòl la ap gen ladan manm sa yo ak lòt ankò : yon administratè, yon konseye pedagogik, yon reprezantan UFT, yon reprezantan paran, lòt reprezantan sèvis pèsonèl elèv ak yon reprezantan Ekip lidèchip lekòl (School Leadership Team, SLT).
2. Chak direktè ap nome yon manm estaf ki soti nan Ekip prevansyon pou abi ak move tretman sou timoun lekòl la pou sèvi kòm lyezon pou Student Services Manager (yo rele l lyezon yo nome). Lyezon yo nome a pral ede nan fasilite komunikasyon ant ajans ak pataj enfòmasyon ant lekòl, ACS ak ajans fwaye dakè

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 24 nan 29

yo epi li pral sèvi kòm pwèn kontak pou enkyetid ki gen rapò ak abi sou timoun, tankou trafik imen ak eksplwasyon.

3. Ekip prevansyon ak entèvansyon pou abi ak move tretman sou timoun nan lekòl la dwe:

- a. Devlope, aplike ak mete ajou chak ane yon plan prevansyon ak entèvansyon pou abi ak move tretman sou timoun, ki fè pati "Plan inifye Devlopman Lekòl ak Jèn" yo dwe voye anvan 31 oktòb chak ane lekòl. Plan prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun lan dwe gen ladan fòmasyon pou manm estaf ak pwogram edikasyon pou paran ak elèv yo sou abi ak move tretman sou timoun. (Gade Seksyon VII pou plis enfòmasyon sou trening ak edikasyon paran ak elèv).
- b. Bay trening, resous ak konsèy sou prevansyon ak entèvansyon pou abi ak move tretman sou timoun pou anplwaye lekòl yo an kolaborasyon avèk Student Services Manager ki nan biwo sipèentandan an. Si Direktè a vle sa, ekip yo ka itilize konferans pwofesè yo ak tan pou preparasyon yo, ki konsistan avèk kondisyon kontra yo, pou prepare resous ak konsèy sa yo ak pou fè trening sa a.
- c. Itilize ajans sèvis sosyal lokal pou bay estaf, elèv ak paran sèvis/trening sou prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun. ACS Education Unit (pport and Policy Planning) disponib pou kowòdone patisipasyon manm estaf ACS nan trening nan lekòl. Yo ka voye demand pou trening nan Education.unit@acs.nyc.gov oswa nan telefòn 2124539918.

B. Biwo Sipèentandan

1. Sipèentandan an pral nome yon moun, jeneralman se Student Services Manager a oswa siksesè, ki responsab pou sipòte lekòl nan rezoud pwoblèm abi oswa move tretman sou timoun. Anpatikilye, moun yo nome a gen responsablite pou:
 - a. revize, evalye ak apwouve chak plan prevansyon ak entèvansyon lekòl pou abi ak move tretman sou timoun.;
 - b. sèvi kòm yon lyezon avèk kowòdonatè vil NYCPS la pou prevansyon abi ak neglijan sou timoun, SCR la, ACS, ak lòt founisè sèvis.
 - c. tabli yon relasyon travay ak ACS, ajans kominotè yo ak lòt founisè sèvis yo pou amelyore kominikasyon ak sèvis pou estaf lekòl, paran ak elèv.
 - d. resevwa rapò alekri nan men direktè yo sou tout ka yo rapòte ba SCR la epi kenbe bon jan kominikasyon ak ACS; epi
 - e. bay sipò ak trening kontini sou règleman ak prevansyon abi ak mote

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 25 nan 29

tretman sou timoun ba administratè lekòl, lyezon yo nome ak ekip lekòl pou prevansyon ak entèvansyon pou abi ak move tretman sou timoun, jan yo di sa nan seksyon VII.

2. Reprezantan an responsab tou pou asire ke lekòl resevwa ak revize lis elèv ki nan lekòl yo Sèvis pwoteksyon timoun ap suiv pou neglijan ak pran mezi apwopriye, dapre Seksyon IV.C.

VII. TRENING ESTAF AK EDIKASYON PARAN AK ELÈV

A. Trening manm estaf

1. Chak ane, tout Lyezon yo nome yo dwe resevwa Fòmasyon ki pou Lyezon yo nome, ki diskite idantifikasyon ak rapò sou abi ak move tretman yo sispèk sou timoun ak pwotokòl NYCPS pou fè rapò.
2. Yo dwe bay tout manm estaf lekòl la fòmasyon ki pral pèmèt yo fè rapò ak pran lòt responsablite ki tabli nan règleman sa a. Yo dwe fè trening sa a anvan 31 oktòb chak ane epi li dwe genyen ladan:
 - a. Siy abi ak move tretman sou timoun;
 - b. Egzijans règleman sa a, tankou lè yo dwe fè yon rapò sou abi oswa move tretman sou timoun, kòman pou fè yon rapò ak kòman pou kolabore avèk investigasyon ACS;
 - c. Teknik pou jere ak travay avèk paran ak elèv avan, pandan ak apre yo rapòte ensidan sou abi oswa move tretman sou timoun; ak
 - d. Aspè legal ak enplikasyon ki gen rapò avèk rapò sou abi ak move tretman sou timoun, ki gen ladan kondisyon konfidansyalite ak konsekans si yo pa fè yon rapò, ak lòt bagay ankò.
 - e. resous ki disponib pou fanmi.
3. Yo dwe bay Lyezon ki nome yo ak enfimye lekòl yo trening sou fè foto siy vizib blesi ki konsènan rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun. Si yo pa mete yon enfimye lekòl nan bilding lekòl la, yo dwe bay lòt manm estaf direktè a idantifye pou pran foto yo, ak nenpòt lòt manm estaf ki la pou sa, dwe resevwa trening sa a, jan sa endike nan Seksyon II.F.1

B. Patisipasyon paran

1. Tout lekòl yo devlope ak bay paran pwogram edikasyon sou abi ak move tretman sou timoun. Pwogram sa yo ta dwe debat lwa ki gen rapò ak abi ak move tretman sou timoun, tankou wòl lekòl la nan prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun ak obligasyon lekòl la pou rapòte ka abi oswa move tretman yo sispèk. Pwogram yo ka genyen tou kreyasyon gwoup sipò paran nan

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 26 nan 29

lekòl ak aktivite pou devlope kapasite paran pou elve timoun.

2. Yo ta dwe prezante aktivite pou edikasyon paran yo nan yon fason pozitif epi konsantre premyeman nan sa lekòl la prepare pou fè, ki se pwoteje timoun ak ede fanmi yo.
3. Yo ta dwe itilize resous nan lekòl la ak nan kominote a pou ofri paran ak elèv sipò dirèk ak endirèk anmenmtan. Gen yon rekòmandasyon ba liy telefòn ACS pou sipò (212) 676-7667 ki disponib pou paran ki enterese. Gen sèvis terapeetik ak sèvis konkrè ki disponib atravè founisè nan kominote a san w pa bezwen rele SCR la. Pou plis enfòmasyon, lekòl yo ta dwe gade regleman NYCPS-ACS kreye ansanm sou rapò neglijans nan edikasyon (Joint Policy on Educational Neglect Reporting) nan: [NYCPS Reporting Child Abuse website](#).

C. Edikasyon elèv

1. Lekòl yo dwe bay tout elèv enfòmasyon sa yo, ke yo ka mete nan pwogram sante ak sekirite ki egziste deja yo:
 - a. Enfòmasyon ak aktivite ki apwopriye pou laj elèv konsènan abi ak move tretman sou timoun, abi ak abi seksyèl ak agresyon; ak
 - b. Enfòmasyon ki apwopriye pou laj sou estrateji prevansyon ak devlope kapasite sekirite pèsonèl.
2. Tout elèv ki nan klas K-8yèm ane pral resevwa enstriksyon dapre laj yo pou anpeche eksplwatasyon timoun ak abi seksyèl.
3. Gen resous akademik ki disponib sou Infohub. Reous yo se enfòmasyon sou edike ak ede elèv ak paran konprann kòman pou chèche èd ak entèvansyon si yo menm oswa yon moun yo konnen sibi abi oswa move tretman (tankou sitiyaasyon abi oswa move tretman sou timoun, anlèyman, vyolans domestik, disiplin ak vyolans nan renmen).

VIII. OBLIGASYON POU RAPÒTE MOVE KONDUIT ANPLWAYE NYCPS

Chak anplwaye oswa fonksyonè NYCPS gen yon obligasyon fòmèl pou rapòte imedyatman ba Komisè espesyal investigasyon (Special Commissioner of Investigation) pou distri lekòl Vil Nouyòk tout enfòmasyon konsènan abi seksyèl ak/oswa move konduit anplwaye NYCDOE oswa lòt moun ki gen rapò ak pwogram oswa sèvis lekòl fè sou elèv, kit se nan lekòl la kit se deyò. Lè yon anplwaye oswa yon fonksyonè deside pa rapòte move konduit sa a li ka lakoz yo revoke l nan pòs li oswa nan travay li.. Enfòmasyon konsènan investigasyon k ap kontinye konfidansyèl. Nenpòt rapò y ap voye ba komisè espesyal investigasyon (Special commissioner of

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: 18 jen
2026

Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 27 nan 29

Investigation) pa ta dwe gen ladan okenn enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye elèv la pèsònèlman, dapre CR A-820. [Chancellor's Regulation A-820](#).

Yo ka kontakte Special Commissioner of Investigation an nan:

212-510-1400

80 Maiden Lane - 20th Floor

New York, NY 10038

<http://nycsci.org/>

IX. ANONS

- A. Chak lekòl dwe afiche byen klè kopi “Pwen esansyèl CR A-750” (Highlights of Chancellor’s Regulation A-750.) Ou ka jwenn yon kopi nan [sitwèb NYCPS Reporting Child Abuse](#).
- B. Chak direktè dwe bay tout manm estaf la, tankou manm estaf pedagojik ak sa ki pa pedagojik, yon kopi pwen esansyèl ki nan Chancellor’s Regulation A-750.
- C. Yo dwe bay nenpòt estaf ki mande yon kopi [Chancellor’s Regulation A-750](#),
- D. Chak lekòl ap bay avi, an Anglè, Panyòl, ak nan lang yo ofri, jan Chancellor’s Regulation A-663, nimewo telefòn OCFS sou abi/move tretman sou timoun, enfòmasyon pou kontakte sèvis sipò pou prevansyon ak eksplikasyon pou gen aksè nan sitwèb OCFS jan sa yo:
 1. Lè yo afiche: (a) nimewo telefòn gratis (1-800-342-3720) OCFS kontwòle pou resevwa rapò sou abi oswa move tretman sou timoun; ak (b) adrès entènèt pou ale nan sitwèb OCFS a nan <http://ocfs.ny.gov/main/cps/>. Ou ka jwenn yon kopi afich la sou [sitwèb NYCPS Reporting Child Abuse](#).
 2. Lè yo afiche: (a) nimewo telefòn sipò ACS pou prevansyon ((212-676-7667) oswa imel connect@acs.nyc.gov, ak (b) ou ka jwenn enfòmasyon yo sou sitwèb NYCPS la. Y ap afiche enfòmasyon sa yo kote ki byen vizib nan bilding lekòl yo ak sou sitwèb lekòl la, si lekòl la gen yon sitwèb.
 3. Lè yo bay paran enfòmasyon sa yo omwen yon fwa chak ane lekòl nan yon fason lekòl la deside, tankou atravè kominikasyon elektwonik oswa nan enfòmasyon yo bay elèv pote lakay, ak nan lòt mwayen akò;
 4. Lè yo bay chak pwofesè ak administratè nan lekòl la enfòmasyon sa yo; epi
 5. Lè w mete enfòmasyon sa yo disponib nan biwo administratif distri ak lekòl yo.

X. Rapò OORS

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Kategori: **ELÈV**Pibliye: 18 jen
2026Nimewo: **A-750**

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Paj: 28 nan 29

A. Rapò OORS sou abi oswa move tretman sou timoun

Direktè a/reprezantan gen obligasyon pou voye yon rapò OORS chak fwa yo te fè yon rapò sou abi oswa move tretman sou timoun bay SCR nan 24 èdtan apre yo te fin mete direktè a/reprezantan l okouran rapò a bay SCR epi li resevwa nimewo "Call I.D." number" Direktè a/reprezantan an dwe antre nimewo "Call I.D." a nan rapò OORS la. Yo pa ka mete okenn enfòmasyon sou kote rapò a soti piske enfòmasyon yo konfidansyèl.

Ou ka ale nan sitwèb NYCPS OORS nan: <https://apps.schools.nyc/ospp/>. Office of School and Youth Development (OSYD) bay yon biwo sipò (help desk) pou ede avèk pwoblèm teknik ou ka genyen. Help desk la disponib apati 7:00 AM rive 7:00 PM lendi rive vandredi. Pou kontakte help desk la, konpoze (718) 9355004 epi mande pou OSYD Web Support.

XI. ASISTANS TEKNIK

Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn bay asistans pou aplike règleman sa a epi devlope yon plan pou prevansyon ak entèvansyon pou abi ak move tretman sou timoun epi li bay tout fòmasyon ak materyèl edikatif sou abi ak move tretman sou timoun. Lòt materyèl ak resous sou prevansyon abi sou timoun yo disponib pou responsab lekòl sou [sitwèb NYCPS Reporting Child Abuse website](#). Pou asistans teknik kontakte Kowòdonatè Vil la pou Pwogram Prevansyon Abi/Neglijans sou Timoun (gade Seksyon XI pou jwenn enfòmasyon sou moun pou kontakte).

XII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

<u>Telefòn:</u>	<i>Citywide Coordinator</i>	<u>Faks:</u>
212-374-0805	<i>Child Abuse/Neglect Prevention Program</i>	212-374-5751
N.Y.C. Department of Education		
52 Chambers Street – Room 218		
New York, NY 10007		